



Pou Piblikasyon Imedya: 29/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL BAY PRÈSKE 23 MILYON DOLA KÒM SIBVANSYON POU 76 KOMINOTE POU ANKOURAJE KWASANS KOMINOTÈ ENTELIJAN, DIRAB AK EKITAB

*Finansman atravè twa pwogram fa Depatman Deta a pral ede kominote yo revitalise bò lanmè yo, redevlope sit endistriyèl ki abandone yo epi kreye katye ki dirab pou anviwònman an*

**Plis pase 50 poustan nan kominote ki resevwa sibvansyon yo ap sèvi kominote ki defavorize ak mal sèvi**

**Finansman pou pwogram yo te enkli nan Faz XII Inisyativ Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal la - Lis konplè sibvansyon REDC a disponib isit la**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te bay plis pase 22 milyon dola kòm sibvansyon pou 76 kominote nan eta a atravè Faz XII Inisyativ Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) la pou ancouraje kwasans kominote entelijan, dirab ak ekitab. Finansman an pral ede kominote sa yo revitalise bò lanmè yo, netwaye ak redevlope sit endistriyèl abandone yo epi kreye katye ki dirab pou anviwònman an atravè twa pwogram fa Depatman Deta:

1. Pwogram Revitalizasyon Bò Lanmè Lokal - 16.4 milyon dola pou 23 kominote
2. Pwogram Zòn Opòtinite pou Sit Endistriyèl ki Dezafekte - 4.1 milyon dola pou 19 kominote
3. Pwogram Planifikasyon ak Dekoupaj Kominote pou Kwasans Entelijan - 2.4 milyon dola pou 34 kominote

Nan 76 kominote k ap resevwa sibvansyon yo, 58 poustan pral sèvi kominote ki defavorize ak mal sèvi yo.

"Nou kontinye envesti nan kwasans entelijan, dirab, ak ekitab nan kominote atravè eta a pou bay Nouyòkè yo yon avni ki pi pwòp ak meyè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral ede revitalise bò lanmè yo, netwaye ak redevlope sit endistriyèl ki abandone yo, epi kreye katye ki dirab pou anviwònman an - tout aspè kle pou yon kominote pwospè ak dinamik. Nou kontan wè enpak pozitif finansman sa a pral genyen sou kominote sa yo ak rezidan yo".

"Ekonomi eta nou an ap kontinye grandi pi solid pase anvan, epi Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal yo pare pou ede jan yo kapab", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare**. "Divès sibvansyon sa yo gen yon dimansyon laj, dirab apati ranfòsman bò lanmè ki pa itilize yo pou netwaye ak devlope chan ki neglige yo. Pwojè sa yo benefisyé kominote y ap sèvi yo ak tout moun ki vizite yo".

**Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare**, "Angajman Gouvènè Hochul pran pou kwasans dirab ak ekitab kominote a ap ankouraje yon renesans nan revitalizasyon atravè Eta a, sa ki fè New York tounen yon kote ki trè dezirab pou fanmi tout laj, tout orijin ak revni, ansam ak biznis ak touris. Finansman sibvansyon sa a pral fè avanse pwogrè New York lè li pèmèt kominote yo planifye pwòp avni ekonomik yo atravè pwojè ki amelyore kalite lavi rezidan yo ak touris yo, pandan l ap ankouraje kwasans ekonomik pou jenerasyon k ap vini yo".

### **Pwogram Revitalizasyon Bò Lanmè Lokal (16.4 milyon dola)**

Pwogram Revitalizasyon Lamè Lokal (Local Waterfront Revitalization Program, LWRP) bay kominote yo sibvansyon pou yo devlope yon plan kominotè ki gen yon vizyon pou bò lanmè yo, ki gide pa plizyè politik anviwònmantal pou asire pwojè yo travay an amoni ak resous natirèl bò lanmè yo ak ekosistèm yo.

Pwojè yo finanse atravè EPF-LWRP pral ede kominote lokal yo elaji aksè publik yo ak pwoteje anviwònman an, pandan y ap ranfòse tou opòtinite pou touris ak devlopman ekonomik. Sibvansyon sa yo kouvari yon varyete pwojè planifikasyon, konsepsyón ak konstriksyon ki konsantre sou amelyorasyon ekonomik, kominotè, anviwònman ak lwazi, ki ranfòse angajman Gouvènè Hochul pou amelyore ekonomi lokal yo ak anviwònman an.

Ane sa a, yo te bay yon total 16.4 milyon dola pou 23 kominote; 15 nan sibvansyon sa yo (60%), ki vo yon total 12.3 milyon dola, pral sèvi kominote ki defavorize ak mal sèvi yo. Gen yon lis kominote k ap resevwa sibvansyon yo ki disponib [isit la](#).

### **Pwogram Zòn Opòtinite pou Sit Endistriyèl ki Dezafekte (4.1 milyon dola)**

Pwogram Zòn Opòtinite pou Sit Endistriyèl Dezafekte (Brownfield Opportunity Area, BOA) transfòme sit endistriyèl ki dezafekte yo - katye oswa zòn nan yon kominote ki afekte negatif pa kondisyon anviwònmantal reyèl oswa aparan - soti nan obligasyon yo rive nan byen kominote yo, ki an retou jenere ak sipòte novo biznis, travay, lojman ak ekipman publik.

Pwogram lan bay sibvansyon pou plan BOA yo ki, yon fwa yo fini, ap soumèt bay Sekretè Deta Eta New York la pou apwobasyon oswa "deziyasyon". Pwojè egzekisyon ki konfòm avèk plan BOA yo deziyen yo resevwa finansman Eta priyorite epi yo gen dwa tou pou yon lòt 5% kredi enpo pou reyamenajman zòn endistriyèl ki dezafekte yo ke Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) an administre. Pwogram BOA bay tou sibvansyon pou aktivite pre-devlopman nan BOA Eta a deziyen yo, tankou syans anviwònmantal, lojman ak ekonomik, analiz

enfrastrikti, estrateji marketing, angajman publik ak mizajou dekoupaj zòn ak reglemantasyon ak Evalyasyon Anviwònmantal Sit Faz II. Kounye a, Eta a gen 67 BOA ki deziyen, 56 ladan yo (83%) sèvi kominote ki defavorize ak mal sèvi yo.

Ane sa a, yo te bay yon total 4.1 milyon dola pou 19 kominote; 11 nan prim sa yo (58%), ki vo yon total 2.4 milyon dola, pral sèvi kominote defavorize yo. Gen yon lis kominote k ap resevwa sibvansyon yo ki disponib [isit la](#).

### **Pwogram Sibvansyon pou Planifikasyon Kwasans Entelijan ak Dekoupaj Zòn (2.4 milyon dola)**

Pwogram Sibvansyon pou Planifikasyon ak Dekoupaj Zòn lan bay kominote yo sibvansyon pou yo devlope plan konplè ak òdonans dekoupaj zòn minisipal yo, ansanm ak plan zòn sible ak dekoupaj zòn yo, tankou anba lavil yo, distri biznis santral yo ak distri devlopman transpò publik yo. Kominote yo dwe angaje pou entegre prensip Kwasans Entelijan nan planifikasyon ak dekoupaj zòn yo, ki enkli:

1. peyzaj lari ki adapte pou pyeton, bisiklèt, ak transpò;
2. konsepsyón kominotè konpak pou itilizasyon miks;
3. anba lavil dinamik ak lòt sant minisipal;
4. yon divèsite opsyon lojman pou tout revni, laj ak kapasite;
5. espas publik ki an sekirite, aksesib;
6. anpil pak ak opòtinite lwazi deyò; epi
7. bilding ekolojik yo ak enfrastrikti.

Ane sa a, yo te bay yon total 2.4 milyon dola pou 34 kominote; 18 nan sibvansyon sa yo (53%), ki vo yon total 612,000 dola, pral sèvi kominote ki defavorize ak mal sèvi yo. Gen yon lis kominote k ap resevwa sibvansyon yo ki disponib [isit la](#).

Tout sibvansyon ki anwo yo finanse atravè Fon Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund, EPF) Eta a, ke Gouvènè Hochul te ogmante soti 300 milyon dola rive 400 milyon dola nan bidjè ki adopte pou ane fiskal 2023 a. Depatman Deta, atravè Fon Pwoteksyon Anviwònman an, bay sibvansyon korespondans sou yon baz konpetitif bay antite ki elijib atravè Eta New York ak kòt li yo oswa vwa navigab entèn yo deziyen pou planifikasyon, konsepsyón ak pwojè konstriksyon pou revitalise kominote yo ak bò lanmè yo. Pwogram sa yo ede kominote yo respire yon nouvo lavi nan resous kominote yo nan fason ki asire revitalizasyon reyisi ak dirab.

Finansman pou pwogram sa yo te enkli nan Faz 12 Inisyativ Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal la atravè resous CFA yo ak pwogram otonòm yo. Pwosesis REDC la kontinye sipòte ak otorize moun ki gen enterè rejyonal yo nan devlope plan estratejik ak priyortite finansman yo ki satisfè bezwen ekonomik lokal yo. Konsèy Rejyonal yo te revize pwojè yo nan pwogram sa yo epi yo bay te nòt ki reflete nan ki jan yon pwojè ka an akò ak objektif ak estrateji yon rejyon. Aplikan yo te itilize Aplikasyon pou Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) nòt, ki se sèl aplikasyon eta a pou resous eta a yo, ki gen ladan pwogram plizyè ajans. Li fèt pou bay aksè akselere ak senplifye ak yon seri fon sibvansyon ak kredi enpo konbine ki soti nan plizyè douzèn

pwoogram ki egziste deja. Ou ka jwenn yon lis konplè pwojè ki jwenn sibvansyon yo nan Faz 12 inisyativ REDC a [isit la](#).

### **Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide**

Yo te kreye Demann Finansman Konsolide a pou senplifye ak akselere pwosesis demann sibvansyon an. Pwosesis CFA a make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribiye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. CFA a sèvi kòm sèl pwen dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize CFA kòm yon mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. W ap jwenn plis enfòmasyon sou CFA a [isit la](#).

### **Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo**

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou envestisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Rejyonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya publik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati prenant nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon nongouvènmantal yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason New York envesti nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch asandant, ki baze sou kominate, epi kreye yon pwosesis konpetitif pou yo jwenn aksè resous Eta a yo. W ap jwenn plis enfòmasyon nan [regionalcouncils.ny.gov](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418